



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 14/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINANSMAN POU EDE FÈM YO REJWENN
PWOGRAM “GROWN & CERTIFIED” ETA NEW YORK LAN**

Gen \$1,5 Milyon Ki Disponib Pou Ede Fèm yo Reyalize Plan Anviwòmantal yo

Yo Ofri \$1,000 Ranbousman Pou Odit Ki Ekzije Pratik Manipilasyon Manje yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a finansman pou ede fèm yo legim ak fwi New York yo rejwenn pwogram “Grown & Certified” Eta New York lan (New York State Grown & Certified program). Gen \$1.5 milyon ki disponib atravè Fon Pwoteksyon Anviwòmantal (Environmental Protection Fund) la pou ede fèm yo reyalize yon plan Jesyon Anviwòmantal Agrikòl (Agricultural Environmental Management, AEM), ak yon ranbousman jiska \$1,000 ki disponib pou kiltivatè yo ki ap patisipe nan yon odit pati tyè sou pratik manipilasyon manje sekirize yo. Fèm yo dwe patisipe nan pwogram k’ap sipòte bon pratik agrikòl yo ak jesyon anviwòmantal, pou kapab kalifye pou pwogram “Grown & Certified” Eta New York lan, epi finansman sa pral ede plis fèm rejwenn pwogram sètifikasyon an.

“Fèm New York yo pwodwi bon jan kalite manje ki selèb nan mond lan, epi pwogram ‘Grown & Certified’ Eta New York lan ranfòse lyen ant pwodiktè ak konsomatè yo, epi li pwomouvwa pratik ki sekirize epi ki dirab sou plan anviwòmantal”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa pral ede plis fèm yo sètifye pwodwi yo nan pi gwo estanda sa yo, epi aksede a pakèt opòtinite ke yo ofri nan pwogram ‘Grown & Certified’ Eta New York lan.”

Lanse nan mwa [Dawout](#), Pwogram “Grown & Certified” Eta New York lan asire konsomatè yo ke manje ke y’ap achte yo se pwodwi lokal, epi yo te pwodwi ak yon pi gwo estanda nan ekzije pwodiktè k’ap patisipe yo pou yo adopte bon pratik agrikòl yo, epi pou yo enskri nan yon pwogram jesyon anviwòmantal.

Ranbousman pou Odit Bon Pratik Agrikòl yo

Administre pa Depatman Agrikilti Etazini an (United States Department of Agriculture, USDA), pwogram Bon Pratik Agrikòl (Good Agricultural Practices, GAP) Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York lan (New York State Department of Agriculture and Markets) verifye ke yo itilize pratik manipilasyon manje sekirize yo sou fèm yo, soti depi nan kilti ak rekòlt pou rive nan anbalaj ak manipilasyon. Pwogram Bon Pratik Agrikòl lan sètifye fèm legim ak fwi fre yo ki te akonpli etap ki nesèsè yo nan operasyon yo pou

minimize posibilite kontaminasyon pwodwi ak maladi ki fèt nan fwi yo, an akò ak règleman USDA yo.

Depatman Agrikilti ak Mache Eta New York, atravè yon Sibvansyon Blòk Mwason Espesyalite (Specialty Crop Block Grant) USDA, ap bay jiska \$1,000 pou ranbouse fèm yo pou odit Bon Pratik Agrikòl yo. Gen plis enfòmasyon sou pwosesis sètifikasyon Bon Pratik Agrikòl lan ak kijan pou aplike pou sibvansyon an ki disponib sou nouvo [sitwèb la](#). Depatman an te fè 234 odit an 2016 jiskaprezan, sa ki deja depase kantite odit total ane pase a.

Cornell University se yon patnè kle nan fòmasyon ak edikasyon pou fèm yo kòm yon pati nan pwogram lan. Inivèsite an bay kou sou entènèt ak fòmasyon an pèsòn atravè ane a pou ede pwodiktè yo aprann sou pwogram lan epi ekri pwòp plan fèm manipilasyon manje sekirize yo anvan odit pati tyè an. Gen plis enfòmasyon sou opòtinite fòmasyon Cornell University yo ak kijan pou ou anrejistre ki disponib [isit la](#).

Finansman pou Plan Jesyon Anviwònmantal Agrikòl yo

Gouvènè an te anonse jodi a \$1.5 milyon ki disponib reyalizasyon yon plan Jesyon Anviwònmantal Agrikòl pou asiste kiltivatè fwi, legim ak lòt espesyalite rekòlt yo, pou kapab kiltive pwodwi yo nan yon fason ki responsab sou plan anviwònmantal.

Finansman pou reyalizasyon plan Jesyon Anviwònmantal Agrikòl la li soti nan Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la. Nan asiste fèm espesyalite rekòlt yo pou pwodwi manje yo ak pi bon estanda anviwònmantal yo, sa pral pwoteje epi amelyore resous natirèl New York yo, ki enkli kalite dlo ak tè yo.

Distrik Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte yo nan New York (New York's County Soil and Water Conservation Districts) yo kalifye pou yo aplike pou pwogram lan nan non fèm yo. Montan prim maksimòm pou pwojè yo se \$50,000. Enfòmasyon sou elijibilite pwojè ak Apèl Ôf yo disponib [isit la](#). Aplikasyon yo dwe fèt anvan dat 20 Janvyè 2017.

Avantaj pou Kiltivatè, Achtè ak Konsomatè yo

Pou kiltivatè yo, patisipasyon nan sètifikasyon Jesyon Anviwònmantal Agrikòl ak Bon Pratik Agrikòl yo pèmèt pi plis aksè a pwogram yo, espesyalman pwogram "Grown & Certified" Eta New York lan, ki enkli yon kanpay komèsyalizasyon majè pou pwomouvwa pwodiktè New York yo ki reponn a estanda pwogram lan yo. Sa enkli etikèt ki sou pwodwi ak materyèl pwomosyonèl yo, tankou yon [sitwèb](#), [video](#) ak lavant materyèl yo, pou kapab ankouraje patisipasyon nan pwogram lan pami pwodiktè yo, epi pou edike achtè an detay, an gwo ak enstitisyonèl yo sou valè pwogram lan. Piblisite konsomatè ak pwomosyon andetay pral kòmanse nan otòn sa.

Sètifikasyon Bon Pratik Agrikòl yo bay pwodiktè yo tou aksè a pwogram pilòt apwovizyonman "Farm to School" lan, ki ekzije pou kiltivatè yo ki ap vann bay distrik lekòl yo pou yo sètifye. Pwogram sa ede fèm yo prepare pou règleman potansyèl ki soti

nan Lwa Modènizasyon Sekirite Manje a (Food Safety Modernization Act).

An plis, pwogram Bon Pratik Agrikòl yo li enpòtan anpil pou achte yo. Nan achte pwodwi ki soti nan yon fèm ki sètifye, gen yon rediksyon nan potansyèl pou rapèl sekirite manje nan fiti, ki kapab koute chè pou achte yo, epi sa fè enpak tou sou konfyans konsomatè yo ak lwayote yo. Anpil konsomatè ap chèche asirans ke atik ke yo achte yo nan sipèmakèt yo te manipile kòrèkteman nan fèm yo.

Ball, ki se Komisè Agrikilti Eta a (State Agriculture), te deklare, “Pwogram GAP lan te asire ke kiltivatè nou yo konsantre sou pratik manipilasyon manje sekirize estandarize nan operasyon jounalye yo. Estanda sa yo pral rekonesab nan chak pwen nan chèn apwovizyonman manje a epi an dènye bay konsomatè yo. Sa ki gen an plis, pwogram AEM lan ede kiltivatè nou yo kiltive pwodwi yo nan yon fason ki redwi risk nan resous natirèl presye Eta nou yo. Antan ke yon sètifye GAP ak yon patisipan nan AEM, kiltivatè nou yo kalifye pou pwogram ‘Grown & Certified’ Eta New York lan tou. Gras a Gouvènè Cuomo, pwogram sa pral ede komèsyalize pwodiktè nou yo ki ap reponn a demann konsomatè yo k’ap ogmante pou manje ki manipile ak sekirite epi ki te kiltive nan yon fason ki dirab sou plan anviwònmanal.”

Senatè Patty Ritchie, ki se Prezidan Komite Agrikilti Sena a (Senate Agriculture Committee), te deklare, “Deplizanpli souvan, konsomatè yo ap chèche achte manje ke yo kiltive epi pwodwi onivo lokal. Mwen te fyè pou mwen sipòte pwogram sa yo, ki elaji mache yo pou fèm nou yo ki travay di, epi yo ede li vin pi fasil pou moun manje bon jan kalite manje lokal yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè an ak Komisè a poutèt yo rekonèt enpòtans ki genyen nan envesti nan efò enpòtan sa, ki pral ede ankouraje pi plis endistri New York k’ap mennen an.”

Bill Magee, ki se Manm Asanble, Prezidan Komite Agrikilti Asanble a (Assembly Agriculture Committee), te deklare, “Fòmasyon nan konsèp AEM yo ak sètifikasyon GAP lan pral ede fèm New York yo pwodwi bon jan kalite pwodwi apati bon pratik anviwònmanal ak agrikòl yo. Etikèt ‘Grown & Certified’ Eta New York lan pral ede ogmante konfyans konsomatè yo nan pwodwi ki kiltive New York yo, epi mwen ankouraje fèm nou yo fè aplikasyon yo atravè Distrik Konsèvasyon Dlo ak Tè Konte yo pou anrichisman fèm yo, epi pou ankouraje epi pwomouvwa mouvman achte lokal NY lan.”

Kathryn J. Boor, ki se Dwayèn Ronald P. Lynch nan Kolèj Agrikilti ak Syans Lavi (Ronald P. Lynch Dean of the College of Agriculture and Life Sciences) yo menm jan ak Cornell University, te deklare, “Antan ke basen Pwogram Bon Pratik Agrikòl Nasyonal la ak Lekòl Syans Plant Entegratè (School of Integrative Plant Science) ki te devlope pwogram ‘better plants, sustainably grown,’ mwen aplodi alokasyon resous Gouvènè Cuomo an pou kiltivatè legim ak fwi yo ki ap patisipe aktyèlman nan pwogram ‘Grown & Certified’ Eta New York lan, ak pou sila yo ki swete vin sètifye. Fòmasyon se yon pati enpòtan nan yon pwogram GAP, epi kolèj la kontan pou li ofri yon kou sekirite pwodwi sou entènèt menm jan ak fòmasyon an pèsòn yo, pou kapab ede fèm Empire State yo atenn objektif yo.”

Dean Norton, ki se Prezidan Biwo Fèm New York (New York Farm Bureau), te deklare, “Fèmye New York yo valorize kalite ak sekirite ki genyen nan chak bagay ke yo pwodwi. Sa enkli tou patisipe nan pwogram AEM ak GAP yo ki travay ansanm ak fèmye yo pou yo ka bon jesyonè anviwònman an, epi gen pwotokòl manipilasyon manje sekirize adisyonèl ki an plas. Mezi adisyonèl ke eta ap pran yo pou ogmante aksè a pwogram presye sa yo pral non sèlman benefisye fèmye yo, men tou konsomatè yo ki ap chèche manje lokal fre nan fanmi fèm New York yo.”

Dale Stein, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Dlo ak Tè Eta New York (New York State Soil and Water Conservation Committee), te deklare, “Pwogram AEM lan se pwogram de baz pou tout fèm Eta New York yo pou kapab idantifye enkyetid anviwònmantal yo ki genyen sou fèm yo, epi pou kapab devlope yon plan pou abòde enkyetid sa yo. Ak \$1.5 milyon ki disponib pou kreye plan AEM yo pou fèm yo, dè santèn fèm pral vin pi dirab sou plan anviwònmantal. Ansanm ak pwogram GAP lan, konsomatè yo pral konnen ke manje ke y’ap achte yo non sèlman soti nan Eta New York, men tou yo te kiltive pa fèmye ki enterese pou jere fèm yo an nan yon fason ki korèk sou plan anviwònmantal.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418